Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 30 май Рузман № 23 (7893) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Ахирисеб цIумур, ахирисеб дарс...**

## Нух битIаги, хириял выпускникал! Къо-мех лъикI, гIагараб школа!



Ахирисеб цIумур - гьеб ккола анцIила цо соналъги цIалун школалъулгун къо-мех лъикI гьабулеб, выпускниказул рекIелъ хутIулеб байрам. АнцIила цо соналъ цебе эбел-инсул квералги ккун тIоцере школалде рачIарал анкьго сон барал гIисинал лъималаз жакъа къо-мех лъикI гьабулеб буго гIагараб школагун, жидее тарбиягун лъай кьурал, жидер гогьдариги, барщариги, мекъ-лъабиги хIехьарал учительзабигун.

АнцIила цо соналъ эбел-инсул цо хъизан киниги рукIарал гьезул жакъаялдаса нахъе рикь-рикьула гIумрудул нухал.

24 маялда нилъер районалъул школазда тIоритIана гьеб къоялда хурхун рохалилал тадбирал.

Выпускниказда байрам баркизе росабалъе щвана лъайкьеялъул управлениялъул ва районалъул учреждениябазулгун организациябазул вакилзаби.

ЛъикIаб хIадурлъигун дандельана мугIалимзабигун цIалдохъаби гьеб тадбиралда, гьаруна баркиялъулал кIалъаял, рачана цIалул соналъул хIасилал, цIалулъ ва школалъул жамгIияб гIумруялъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна цIалдохъаби ва учительзаби.

**Агъвали.** Исана гимназиялъ къватIиве виччана 99 выпускник, гьезда гьоркьоса 26-яс лъугIизабуна 11 класс. Гьезда байрам баркизе рачIун рукIана районалъул бетIер Шамил ГIумаров ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.

Баркиялъулаб кIалъайгун тадбир рагьана гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас.



Байрам баркун кIалъаял гьаруна Шамил ГIумаровас, Зайнаб ГIабдусаламовалъ, районалъул спорталъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас, къватIире ричалеб классазул нухмалъулел ПатIимат Шамхаловалъ ва ПатIимат ГIабдулаевалъ. Умумузул рахъалъан выпускниказда байрам баркана халкъалъе социаяб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул хIалтIухъан Анисат НасухIовалъ.

КIалъаял лъугIун хадур кьер-кьерал тIугьдузул кващIабигун выпускниказда байрам баркизе рачIана тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби, гьаруна цоцазе сайгъатал ва кьабуна гьезие ахирисеб цIумур. РекIее кIудияб асар гьабуледухъ ана гимназиялда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам.





1

**ТIинди.** 24 маялда ТIинди гъоркьохъеб школалъул азбаралда гIумруялъул нухде 68 абилеб выпуск регIизе берцинго ретIа-къан данделъана учительзаби, цIалдохъаби, гьезул улбул, росуцоял, росдал ва районалъул нухмалъулел. Гьединго выпускниказда ахирисеб цIумуралъул байрам баркизе гIуцIадго рачIана школа лъугIаралдаса 50-сонилаб юбилей тIобитIизе 1975 соналъул выпускникал.

Къокъаб кIалъалдалъун ахирияб цIумур къабиялъул байрам рагьана школалъул гIуцIарухъан МухIамадова ПатIимат Шамиловналъ.

Байрам нухда бачизе гьелъ рагIи кьуна анцIабилеб классалъул цIалдохъаби-ГIабдуразакъов Шамилие ва Мусаева Фатимае.



Россиялъул гимназда гъоркь гор свери бахъана 1975 соналъул выпускниказ, гьезда хадур ахIана 4-абилеб классалъул ва 9-абилеб классазул выпускникал ва 1 классалъул гьитIичал, хадур 11-абилеб классалъул выпускникалги.



Берцинго ретIа-къан гьез гор сверун ккуна. Выпускниказе малъа-хъваял гьаризе, гьезул экзаменазда лъикIал хIасилал щвей гьарун, гьел экзаменазде риччаялъул буюрухъ цIализе рагIи кьуна школалъул директорасул заместитель МуртазагIалиев МухIамад ГIалиевичасе.

Выпускниказе лъикIал гьарият ва насихIаталъулал кIалъаял гьаруна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас, росдал администрациялъул бетIер МухIамадзакир МухIамадовас, районалъул лъайкьеялъул уравлениялъул методист Хадижат Камиловалъ, 1975 соналъул выпускник ГIали МухIамадовас ва выпускниказул улбуз.

2024-2025 цIалул соналъ цIалулъ ва жамгIияб хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъаби школалъул директор АхIмад Мусаевас кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун. Гьединго сайгъатал гьаруна 1975 ва 2025 соназул выпускниказ школалъеги.

Байрамалъул ахиралда выпускниказе къабуна ахирисеб цIумур, выпускниказ ва «первоклашказ» цоцае гьаруна сайгъатал ва кьуна тIугьдул.

Балагьараз лъикIаб кьимат кьуна школалъул театралъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадовалъ ахирисеб цIумуралда хурхун лъураб сценкаялъе, хасго гьениб берцинго роль хIарай 10-абилеб классалъул цIалдохъан ГIабдулхIалимова ПатIиматие.

Школалъе къо-мех лъикIги гьабун, ракIазулъ рохалилаб асаргун лъугIана выпускниказул байрам.

Нух битIаги, хирияв выпускникал!

Къо-мех лъикI, гIагараб школа!

**ТIалхIат ГIабдулбасиров,**
**МухIамад МуртазагIалиев**

## Лъайкьей

# Дунялалъул балъголъаби рагьулей мугIалим

Макъалаялъе гьаб цIар кьеялъе гIилла ккана жакъаялдасан кIикього соналъ цебе нижее, Агъвали школалъул 5 «Б» классалъе дарс кьезе ячIарай географиялъул мугIалим, жиндир мунагьал чураяй Назират МухIамадовна ГIабдулмажидовалъул рагIаби ракIалде щвей.

Гьелъ жиндирго предметалдехун нижер рокьи бижинабиялъе абуралин рукIаниги, магIна гьваридал рагIабилъун ккана дида география дунялалъул балъголъаби рагьулеб дарс кколин абурал гьелъул рагIаби. География абураб рагIул магIнаги дунялгун тIабигIат лъазаби кколелъул, гьелъул балъголъаби рагьулей специалист ккола Инхокьвари росдал школалъул географиялъул мугIалим, 35 соналъ гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьолей Айгьанат МухIамадоваги. ХIалтIулъ аслияб масъалалъун гьелъ рикIкIунеб буго цохIо баянал кьей гуребги, цIалдолесул цIицIиял балъголъаби рагьиялде гьира базаби, «Гьаб гьадин, доб додин щай бугеб?» -ан суалазе жавабал жидецаго балагьуледухъ пикру гьабизе гьел ругьун гьари, сверухъ бугеб тIабигIаталдехун рокьи бижизаби, гьелъул нигIматаздаса пайда босизе малъи.

-Инсул ирс босарай, жеги камилай йигин, - абуна гьелъул хIакъалъулъ пишацояй, шагIир Загьрат МухIамадовалъги. -Гьелдасанги тIокI кинха абилеб?! Гьаб школалда гьелъухъан борчIараб махщел хутIичIо. ГIемерал соназ школалдаги хIалтIарав, гьелъие нухмалъиги гьабурав инсуца малъарабги гьабун, цIализе лъугьана Айгьанат ДГПУялъул географиялъул факультеталде. Жакъа гьей ккола махщел камилай мугIалимги, цIалул рахъалъ школалъул директорасул заместительги, художникги, жакъасел тIалабазул аслияб-компьютералъул «бетIерги», хIажалъи ккаралъуй къадахъангун ганчIил устарги.

ХIакъикъаталдаги гьедин кколеб буго. Айгьанат МухIамадова, абухъего, цIалдохъабигун цадахъ ХъварщикIкIалахъ ругел чвахелобазул тIогьаздеги, мугIрузул расалъабаздеги, рохьазул рацIцIалъабаздеги яхана, лъаразулгун ралъдал рагIалаздеги щвана, картаялдагун глобусалда «Гьаб рагIаллъудаса доб рагIаллъудеги щвана». ЦохIо география кьей гуребги, жийгоги батIи-батIиял цIех-рехазда йикIуна гьей: цIиял баяналгун картаби лъазарун, тематикиял макъалаби цIалун, дарсида цIиял технологиял хIалтIизарун. Лъималазги гьираялда къабул гьарула гьелъул дарсал. Бищун хирияб сайгъатлъунги мугIалималъ рикIкIуна гьез ункъил-щуйилалда бицараб дарс. Гьелъухъан гьединал кьиматал щвейги бигьаяб иш кколаро.

ХIаракат бахъиналъ хIасилалги кьолелъул, сонидаса сониде лъикIлъана Айгьанатилги хIалтIулъ хIасилал. ЦIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна батIи-батIиял церерахъиназда, олимпиадабазда, камичIо лъикIал, призалъулал хIасилалги. Щибаб тадбиралъулъ мугIалималъ бихьизабулеб букIана цIалдохъабазда тIабигIиялгун социалиял хIужабазул бухьен, дунялалъул берцинлъабиги хаслъабиги щибаб рахъалдасан рихьизе. Циндаго гурелъулха нилъеда лъалеб дунялалъул берцинлъиги, гьелъул хаслъабиги, цоял кьижулеб гIужалъ, цогидал рахъун, школаздагун жидерго хъулухъ-пишабазда рукIунеблъи, нилъехъ-рии, океан бахун добахун хасел букIунеблъи, цо-цо улкабазул лъималазда гIазуцIер щибали лъалареблъи, цогидазда, гьелъул гIаксалда, хIехьезе кколареб багIари жеги бихьичIеблъи.



Гьеб кинабго цIалдохъабазда малъулаго цо къо арабгIанги лъачIого ана Айгьанатил 35 сон. БукIана чанги пашманабги, гьеб кIоченабураб рохел гIахьал гьабурабги, хIалбихьи цIикIкIарал мугIалимазухъан мисал босун, лъалареб гьикъа-бакъизе аскIое ун хIалтIарабги заман. Жакъа гьей жийго ккола жиндирго рукIарал цIалдохъаби, жакъа-пишацоял-гIолохъанал специалистазул насихIатчIужу.

География кIвар бугеб предмет гуребги, хIикмалъабазул дунялилан кколин абула Айгьанатица. Гьелъ малъула нилъеда битIун гIумруяшав гьабизе, тIабигIат цIунизе, тIабигIиял сурсатаздаса цIуна-къан пайда босизе.

-Жакъа нилъеца лъималазда бичIчIизабичIони тIабигIиял сурсатаздаса цIуна-къан пайда босизе, метер гьелги нилъги макьидаса рорчIилалде бакъван батила лъар, ччукIкIун батила гьитIинабго кьурул парс, ракьалдасанго тIагIун ратила чанги батIи-батIиял дарулял хурдул. Географиялъул мугIалимзаби ккола цIалдохъабазда тIабигIаталъул бугеб кIвар, гьеб цIуниялда сверухъ букIине кколеб тIалабчилъигун жавабчилъи бичIчIизабулел, гьелъул берцинлъи ва балъголъаби жидеего рагьизе малъулел насихIатчагIи,-ян абула гьелъ.

Доба Владивосток, гьаниб Дагъистан, доб цояб рахъалда Калининград бугеб бицин гIоларо, нилъеда сверухъ бугеб тIабигIат цIигьабизеги, чIаголъизабизегун берцин гьабизеги, гIакъилго пайда босизеги хIаракат бахъизе ккола.

ЦохIо мугIалим гурейги, Айгьанат ккола мисалияй эбелги. Гьелъ тарбия кьун гIезаруна кIиго яс-Салтанатгун ПатIимат. Салтанат ккола медсестра, ПатIиматбайбихьул классазул мугIалим.

ЦохIо мугIалимлъиялъул бицун гуребги, жакъа бокьун буго гьелъул гьудул-гьалмагъзабазул рахъалдаса гьелда баркизе цоги юбилей-гIумрудул сонал кIиго щуйилалда ращалъи. Гьаризе гьелъие хадубккунисеб гIумрудулъги сундулъгоги кидаго щуйилал рукIине.

**Хадижат Залимханова**

# Великий земляк - наставник



Магомед Шахмурзов

В 1978 году, будучи аспирантом Всесоюзного НИИ гельминтологии им К.И. Скрябина (г.Москва), мне посчастливилось получить от своего родственника, студента-филолога очень дорогой подарок - сборник стихов Р. Гамзатова, изданный в г. Махачкала в 1978г. С тех пор, наш знаменитый земляк, стал наравне с А.С Пушкиным частью моей жизни, а его сборник настольной книгой, которая сопровождает меня по жизни.

Первое же стихотворение «Дагестану», которое я тогда прочитал на 9 стр. сборника оказала на меня незабываемое впечатление. Я сам родился и вырос в горном селе Кабардино-Балкарии, в семье сельских учителей, но я не понимал, что этим можно и нужно так восхищаться и гордиться. Самое главное - я впервые почувствовал особую ответственность перед своим селом, родом, родителями, соседями и что я ни при каких обстоятельствах не должен их подвести. Этот сборник стихов стал как бы моим талисманом, который оказывает положительное влияние на все стороны моей жизни. После знакомства с произведениями Р. Гамзатова я по новому открыл для себя Кавказ, красоту и значимость наших обычаев и стал еще больше гордиться тем, что я тоже Кавказец, и у нас есть поэт такого высокого мирового уровня.

В те годы я был приятно удивлен тем, что мои коллеги, сотрудники, аспиранты, докторанты ВИГИС, в основном москвичи, прекрасно знали, любили и ценили Р. Гамзатова. Они часто обращались ко мне и другим нашим землякам с просьбой достать его сборники стихов, справедливо полагая, что нам легче будет их купить на родине. Но в те годы это было очень трудно, почти невозможно, его книги пользовались большим спросом и раскупались мгновенно. Едва ли кто-нибудь из известных людей больше сделал для жителей Кавказа, чем аварец Р.Гамзатов и как поэт и как общественный деятель. Его «Журавли» знает весь мир, многие города мира украсили памятники, символизирующие эту песню и прославляющие героев-защитников родины. В этой связи мне запомнился рассказ о том, что, где-то в Сибири один старый большевик - председатель колхоза просил своего сына - врача после его смерти положить у изголовья пластинку с песней «Журавли» в исполнении Марка Бернесса. Думаю, что это и есть яркий пример народного признания и любви.

Мне уже много лет, но я до сих пор не могу научиться без слез читать стихотворение посвященное маме «Мальчишка горский, я, не сносным слыл неслухом в кругу семьи, и отвергал с упрямством взрослым все наставления твои..». Мне кажется, что это про меня и мою маму, невозможно написать стихотворение о вечности любви, лучше, чем это сделал Р.Гамзатов «Есть у меня в селе старик-сосед…» Не могу не упомянуть стихотворение «Родной язык», который сегодня стал особенно актуальным и должен быть настольной книгой на столе каждого человека, учитывая актуальность этого вопроса для нас кавказцев.

Я очень по-доброму завидую моему близкому другу, и коллеге, профессору Магомедову Камалудину Газимагомедовичу, который может читать эти стихи на родном аварском языке. Уверен, что на родном языке это звучит по-особенному. Об этом всегда говорил мой отец- преподаватель кабардинского языка и литературы.

Думаю, нелишне будет сказать, что мы с моим другом профессором Уянаевым Борисом Биязулкаевичем, создали в Кабардино-Балкарском государственном аграрном университете им. В.М. Кокова клуб любителей классической поэзии. Преподаватели и студенты университета с удовольствием посещают наши заседания и с вдохновением читают и слушают стихи и прозу великого поэта Расула Гамзатова.

Думаю, что это очень важно именно для педагогов и студентов, ведь творчество Р. Гамзатова обращено и к настоящим и к будущим поколениям и призывают их быть честными, благородными беречь свой родной край и свой родной язык.

Очень благодарен известному и очень уважаемому в нашей республике доктору и общественному деятелю, земляку великого поэта Могомеду Абдулхабирову за то, что дал мне возможность выразить свое отношение к творчеству Великого Кавказца и мудрого наставника поэта Расула Гамзатова.

**P.S. Шахмурзов Магомед Музачирович, советник при ректорате Кабардино-Балкарского государственного аграрного университета, доктор биологических наук, профессор, академик Международной академии аграрного образования, Заслуженный деятель науки КБР, Заслуженный работник Высшей школы Российской Федерации.**

**С 2000 по 2012 годы -проректор по научной и инновационной работе КБГСХА, с 2012 по 2014 гг. - ректор КБГАУ, с 2014-2016 гг. - министр сельского хозяйства КБР.**

# В Хонохе прозвенел последний звонок

24 мая в Хонохской средней общеобразовательной школе прозвенел «Последний звонок». Последний звонок -это не только мероприятие, это важный ритуал, который оставляет след в сердце каждого выпускника, это трогательный и радостный праздник, знаменующий окончание учебного года для всех учащихся и прощание выпускников со школьной жизнью.




Когда мы едем в отдаленное горное село, никогда не думаешь, что такой праздник организован в таком далеком месте. Хонох - одно из самых отдаленных и красивейших уголков Цумадиинского района.

Выпускники 9-х и 4-х классов, одетые в нарядные костюмы, стали главными героями дня. Праздник начался с Гимна Российской Федерации и Республики Дагестан.

С напутственными словами и добрыми пожеланиями обратился к выпускникам директор школы Харалов Абас Саидович.

Поздравили обучающихся и почетные гости: представитель управление образовани» Патимат Муртазалиева, ветеран - педагог Магомедтагир Зиявдинов и представитель администрации района Магомед Куратмагомедов.

Первоклассники совместно с классным руководителем и педагогом-организатором П.Разаковой подготовили для выпускников «самолетики будущего» с наилучшими пожеланиями во взрослую жизнь.

Самых активных, спортивных, творческих и умных отметили почетными грамотами и ценными призами от управления образования и администрации школы.

На празднике были представлены яркие творческие номера от выпускных классов. Родители выпускников обратились к учителям со словами благодарности и подарили яркие номера.

В свою очередь ребята поблагодарили всех учителей, родителей за участие в их школьной жизни.

С напутственными словами к выпускникам обратился ветеран педагогического труда, классный руководитель 9 класса Газиев Ниматула Кабулаевич.

Впереди - новые горизонты. Для выпускников Последний звонок - это не прощание, а начало нового пути. Впереди у них экзамены, и вся жизнь.

Школа гордится своими учениками и желает всем ярких достижений!

В добрый путь, выпускники!

**Патимат Муртазалиева,** методист управления образования

## Динияб бокIон

# ГIидалъул къо

**Исламалда гIидалъул къо ккола цIакъ хирияб къо. Гьеб хирияб буго рамазан моцIалъул гIидалдасаги. Гьеб къоги ккола зулхIижалъул 10-абилеб къо. ГIидалъул къоялдаса хадур рукIунел лъабго къоялда абула ташрикъалъул къоялинги.**

**Гьеб къоялъул хиралъи**

**«ИтхIафалда»** хъван буго: «Гьаб умматалъе гьеб гIидалъул кIвар буго ГIарафа къоялъ ва гьелдаса цебесеб къоялъ гIемерал лагъзал жужахIалдаса тархъулел рукIиналъ. Рамазан моцIалдаса хадуб буге6 гIидалъ тархъулелго гIадин. Щайин абуни, гьелдаса гIемер жужахIалдаса гIадамал тархъулеб къо букIунгутIиялъ».

Кинха рохиларел бусурбаби, гьеб кIиябго гIидалдаса, жужахIалдаса гIемер чи хвасарлъулеб мехалъ?

Гьеб гIидалъул къоялъ бакъ баккидал бусурбабаз борхун гьаракьгун такбир бачуна. Такбир бихьиназ борхун бачуна кьватIиб, мажгиталда ва рокъоб. Руччабаз бачуна бигьа гьабун. Такбир бачуна щибаб какда хадуб, какил азкаразда цебе, хIатта жаназалъул какалда хадуб, ахирисеб ташрикъалъул къоялъ бакъанил как бан лъугIизегIан.

ГIидалъул сордо суннатаб буго гIибадаталда тIобитIизе. Гьеб сордоялъ Аллагьас жиндирго лагъзадерил дугIаялъе жаваб гьабула. **«ГIидалъул сордо гIибадаталда тIобитIарав чиясул ракI Аллагьас чIаго гьабула, ракIал холеб къоялъ»,** - абун (Ат-Табарани)

ТIубараб сордо гьедин тIобитIизе бажарулеб батичIони, 1\3 бутIа тIобитIун тела. Гьебги бажарулеб гьечIони, рогьалил как жамагIаталда бала.

**Гьеб къоялъ гьабизе лъикIаб**

**«ХIашияту ширкъавиялда»** хъван буго: «ГIидалъул сордо тIобитIиялъул бищун дагьаб буго рогьалил ва боголил как жамагIаталда бай. Сордо бащалъун хадуб ва какда цебе суннатаб буго черх чуризе. Гьелъие ният гьабила суннатаб черх чуризе», - абун.

Гьединго лъикIаб буго малъал къунцIизеги. ПалхIасил, рацIцIалъи гьабила. Какде иналде цебе ретIила бацIцIадаб ретIел, гьабила берцинаб махI. РетIел хьахIаб ретIинеги хирияб буго. Амма гьелдаса лъикIаб, багьаяб ретIел батани, гьеб хирияб буго.

ГIумар бин ГIабдулгIазизида гIидалъул къоялъ вихьун вуго басрияб ретIел ретIарав цо вас. Гьеб бихьарав ГIумар гIодун вуго. Васас абун буго щайин мун гIодулевилан. ГIумарица жаваб кьун буго, дун хIинкъун вугин дур ракI хвезабилин гIидалъул къоялъ лъималаз, мун гьеб ратIлилъ вихьидал. Васас абула: «Я, муъминзабазул бетIер, инсанасул ракI хвезабула Аллагьас кьураб жоялда рази гьечIесул яги эбел-инсуе гIакъуба кьолесул. Дир хьул буго дур разилъиялдалъун Аллагь дидаса рази вукIиналда», - ян. ГIумар гIодула ва гьесда къвалги бала, гьесул берзда убачги гьабула, гьесие дугIаги гьабула. Гьелдаса хадуб гьев вас лъугьуна гIадамазда гьоркьов дунял таравлъун.

**ГIидалъул как**

Суннатаб буго хехго гIидалъул какде ине. Гьениве ине лъикIаб буго халатаб нухккун, нахъвуссунаго къокъаб нухдасан вачIина. ГIидалъул какил буго кIиго ракагIат. Гьелъие ният гьабулаго тIадаб буго «къурбан къоялъул какин» абизе.

ГIидалъул как буго лъагIалида жаниб цо нухалда бачIунеб жо. Гьелде кIвар кьезе ккола. Амма гьоркьоб биччани, бецIизе хIаракат бахъила.

Сапаралда вугев чиясеги базе лъикIаб буго.

ГIидалъул как байбихьула «Аллагьу акбар» абун, гьелдаго цадахъ ракIалъ ниятги гьабун. Ният гьабула гьадин: **«Дица ният гьабуна суннатаб кIиго ракагIат базе къурбан къоялъул».** Хадуб цIалула Важагьту. ТIоцебесеб ракагIаталда цIалула 7 нухалъ такбир, щибаб нухалъ квералги рорхун, Важагьтуялда хадуб ва агIузу бахъилалде цебе. Гьел такбиразда гьоркьоб абула: «СубхIанаЛлагьу вал-хIамду-Ллагьи вала илагьа илла Ллалагьу, ва-Ллагьу акбар»,-абун. Гьел такбиразда хадуб цIалула сура ал-ФатихIа. КIиабилеб ракагIаталда такбир цIалула 5 нухалъ. ТIоцебесеб ракагIаталда релълъун такбир бачун гьоркьоб тасбихI цIалула. Гьеб лъугIун хадуб имамас хутIба гьабула. ТIоцебесеб хутIбаялда имамас 9 такбир бачуна ва кIиабилеб хутIбаялда 7 бачуна. Цинги гьеб хутIбаялда жаниб гIадамазда къурбан къоялъул ахIкамал малъула.

**Къурбан хьвей**

Къурбан къоялъ хьола хьолеб жоги. Гьелъул гьанги бикьула хIажатал чагIазе. Гьеб къоялъ гьоболлъухъе уна гIагарал чагIазухъе, мадугьалзабахъе, гьудулзабахъе. Цоцада баркула ва рохел загьир гьабула. Къурбан хьвей ккола аварагас тIадчIей гьабулеб букIараб суннат.

Къурбан жинцаго хьвезеги суннатаб буго.

ГIидалъул къоялъ къурбан хьвей буго цIакъ кIудияб кири бугеб жо. ГIали-асхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: **«Къурбан къоялъ хьвезе жо балагьизе вахъарасе гали рикIкIун хьвала 10 кири ва чурула 10 мунагь. Бичун босулеб мехалда гьабураб каламги тасбихI гьабураб гIадин хьвала. Къураб гIарац хьвала 700 лъикIаб гIамаллъун. Хьвезе байбихьидал гьеб бакIалдаса анкьалго зобалазде щвезегIан кинабго махлукъаталъ гьесул мунагьал чури тIалаб гьабулеб букIуна. ТIураб би рикIкIун малаик вижизе вуго ва гьез гьарула къиямасеб къо чIезегIан гьесул мунагьал чури»,**-абун.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Газпром

# Договор на техобслуживание газового оборудования

Дагестанские газовые компании напоминают о своевременном заключении договоров на техобслуживание газового оборудования

Газовики предупреждают: отсутствие договора о техническом обслуживании газового оборудования - основание для отключения газа!

По гражданскому кодексу обязанность по содержанию газоиспользующего оборудования, возложена на владельца. Поэтому собственник должен содержать свое газовое имущество в исправном состоянии и своевременно проводить его техническое обслуживание.

Для этого необходимо заключать договор на техническое обслуживание со специализированной организацией, а также неукоснительно обеспечивать доступ газовикам для проверки.

С недавнего времени в России бытовые газовые приборы подлежат техническому обслуживанию не реже 1 раза в 12 месяцев!

Важно знать: при отсутствии договора на техобслуживание поставщик газа в Дагестане - ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» - вправе приостановить газоснабжение, даже несмотря на своевременную оплату абонентами потребленного газа.

Регулярная проверка позволит своевременно выявить неисправности, провести ремонт и не допустить аварийных ситуаций.

За отказ в допуске газовиков законодательством РФ предусмотрены штрафы - на граждан в размере 5-10 тыс. рублей, должностных лиц - 25-100 тыс. рублей, юридических лиц -200-500 тыс. рублей.

Уважаемые потребители газа! Будьте крайне внимательны в обращении с газовыми приборами и соблюдайте правила использования газом в быту.

Помните, что газовое оборудование нужно обслуживать своевременно. Не подвергайте опасности себя и своих соседей!

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## Конкурс

**Уважаемые жители района!**



5 июля 2025 года в с. Агвали во Дворце культуры состоится конкурс по шахматам среди школьников района.

Целью проведения конкурса является развитие у детей аналитических и умственных способностей, привлечение их к здоровому образу жизни. Мы призываем всех активнее участвовать в конкурсе. Ваше участие важно для успеха конкурса и для развития таланта и навыков наших детей.

Конкурс будет проводиться в трех возрастных группах среди девочек и мальчиков. В нем могут участвовать и дети- цумадинцы, которые учатся за пределами района.

Заявки на участие в конкурсе принимаются до 30 июня в МКУ «Управление образования МР «Цумадинский район»».

**Телефон: (8 960 414 18 56)**

**Оргкомитет**

## Подписка -2025

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе 2025 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие подписка. Жигар бахъе нилъерго районалъул газета хьвазе ва гьелдаса пайда босизе.

АбизегIанасеб хириябги гуреб, щибаб рузманкьоялъ нужехъеги щолеб газета буго «ЦIумадисезул гьаракь».

Ургъун рихье!

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул багьа:**
-бащдаб лъагIалие -390,48 гъур.,
- индекс: -51377.

## Спорт

# ГIабдурашидил иргадулаб бергьенлъи



Дагъал цере къояз Орел шагьаралда тIобитIана ветеранал-мастеразда гьоркьоб самбоялъул рахьалъ 32-абилеб Россиялъул чемпионат. Гьенир гIахьаллъана улкаялдасаго 350-ялдаса цIикIкIун самбист.

55-59 сон барал ветераназда гьоркьов 98 кг. цIайиялда киналниги дандчIваязда лъикIал хIасилалги рихьизарун, Агъвалиса ГIабдурашид Багьавдинов иргадулаб нухалъги вахьана Россиялъул чемпионлъун.

Гьеб бергьенлъиялъ рес кьуна гьесие Ташкенталда тIобитIизесеб дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе.

Россиялъул чемпионаталда ГIабдурашид гIахьаллъана гьабсагIат вугев дунялалъул чемпион хIисабалда.

Ветераназда гьоркьов гьев микьго нухалъ вахьана дунялалъул чемпионлъун (эркенаб ва греказулгун румазул гугари, самбо, джиуджитсу). Гьединго анцIила кIиго нухалъ вахьана гьев Россиялъул чемпионлъунги, чамалиго нухалъ бергьана халкъазда гьоркьосел турниразда.

Баркула ГIабдурашидида иргадулаб бергьенлъи, гьарула дунялалъул чемпионаталда икъбал ва тIалихI.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# ГIисинаб гIелалъул къецал

22 маялда Агъвали культураялъул КIалгIаялда цебе байданалда тIоритIана 2014 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал гIисинал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул ва 2008 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал гIолилазда гьоркьор рачлида рагьиялъул рахьалъ къецал.

Гьенир гIахьаллъана Агъвали, Гьаквари, Гьигьалъ, Хуштада, Къеди, Инхокъвари ва Хонохь школазул командаби. Кинавниги гIахьаллъана гьенив нусгоцIанасев гугарухъан, ва бихьизабуна ралагьизе гьира базабулеб гугари.



**Эркенаб гугариялъул ккана хадур рехсарал хIасилал:**

22 кг. 1. Абакар Абакаров (Агъвали), 2. Саид МухIамадов (ТIинди), 3. ГIабдулхIамид Саидов (Хуштада), МухIамад ГIабдулкъадиров (Агъвали).

24 кг. 1. ГIабдула МухIамадов (ТIинди), 2. ГIамир Шагьрудинов (Агъвали), 3. Шамил ХIажиев (ТIинди), ГIабдула Къоратов (ТIинди).

26 кг. 1. МухIамад МухIамадов (ТIинди), 2. МухIамад МухIамадов (Агъвали), 3. Абубакр КъурамухIамадов (Гьигьалъ), МухIамад ГIисаев (ТIинди).

28 кг. 1. ГIабдула АхIмадов (Хуштада), 2. ГIубайдула ГIабдулаев(Хуштада), 3. Сиражудин ГIабдулхIамидов(ТIинди), Шамил МухIамадов (ТIинди).

30 кг. 1. МухIамад Халидов (ТIинди), 2. Ибрагьим Мусаев (ТIинди), 3. Халид Саидов (Агъвали), МухIамад Мустафаев (Агъвали).

32 кг. 1. Гьазияв МухIамадов (ТIинди), 2. Ибрагьим Бадрудинов(Агъвали), 3. МухIамад ГьазимухIамадов (ТIинди), ХIамза Абакаров (Гьаквари).

35 кг. 1. ГIабдурашид ХIажиев (Агъвали), 2. МахIач ХIасанов (Агъвали), 3. МухIамад Шамхалов (Гьигьалъ), МухIамад ГIалиев (ТIинди).

38 кг. 1. Ибрагьим ГIабдулаев (Хуштада), 2. МухIамад Залимханов (Агъвали), 3. ГIабдула МахIачев (Инхокъвари), ГIабдула ГIусманов (Гьаквари).

41 кг. МухIамадтIагьир Жамалов (Агъвали), 2. Юсуф ХIажиев (Агъвали), 3. МухIамад ТIагьиров (Гьаквари).

44 кг. 1. Зейд ХIамзатов (Агъвали).

48 кг. 1. Абубакр МуртазагIалиев (Агъвали).

57 кг. 1. МухIамад МуртазагIалиев (Агъвали).

**Рачлида рагьиялъул къецазул хIасилал:**

50 кг. 1. МухIамад ХIасанов (Агъвали), 2. Раджаб ГьалбацIдибиров (Гьаквари).

60 кг. 1. ГIабдула ГIабдулаев (Хуштада).

70 кг. 1. МухIамад ГIисаев (ТIинди), 2. ХIажимухIамад МуртазагIалиев (Агъвали), 3. Расул Герейханов (Къеди).

80 кг. 1. ГIабдула МухIамадов (Агъвали), 2. Якъуб МухIамадов (Агъвали).

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна грамотабаздалъун.

**Шамил Сажидов**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1304**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**